



Pou Piblikasyon Imedya: 27/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU RANKONT AK PREZIDAN TRUMP SOU TINÈL GATEWAY

Videyo Gouvènè Cuomo bay Prezidan Trump pou ekspoze kowozyon ak domaj ki genyen nan Tinèl Gateway la disponib [isit la](#)

Mwa pase, Gouvènè Cuomo te vizite Tinèl Gateway epi li te voye yon [videyo](#) bay Prezidan Trump kote li ekspoze kowozyon ak domaj ak nesosite pou totalman finanse Pwojè Tinèl Gateway la.

“Gouvènman federal la poze anpil defi pou Eta New York, men youn nan premye priyosite yo se ranplase tinèl Gateway yo. Se Amtrak Corporation ki federalman posede tinèl sa yo epi yo dwe ranplase yo. Si sèlman youn nan de tinèl ki gen 100 lane yo ta vini pa itilizab, sa ta pral poze difikilte ekonomik sevè pou Vil New York ak tout koridò Nòdès la. Nou te gen plizyè konvèsasyon ak fonksyonè federal sou tinèl sa yo epi yo te gen yon kad akò ak administrasyon Obama an; administrasyon Trump lan te kanpe li. Resaman m te voye yon videyo tinèl yo ki totalman eksplike sityasyon an bay Prezidan Trump. Videyo a montre domaj andan tinèl lan. Mwen te pale ak Prezidan an apre li te fini resevwa videyo an epi nou te planifye yon rankont posib pou demen ak Prezidan an pou kontinye diskite pwojè tinèl la. Sa a se pa yon kesyon patizan, men yon nesosite gouvènman pratik”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)